# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–25 मई 2026** **भोजपुरी समाचार**

सर्वोच्च न्यायालय नीट परीक्षा में बेरि–बेरि हो रहल चूक पर चिंता जतावत कहले हवे कि ई खेदजनक हौ कि राष्ट्रीय परीक्षा जांच एजेंसी–एन.टी.ए. पछिला पेपर लीक बिबाद से कउनों सबक नाहीं सिखलस। एगो रिपोर्ट–

**न्यायाधीश पी.एस. नरसिम्हा और आलोक अराधे की पीठ ने केंद्र सरकार, राष्ट्रीय जांच एजेंसी और केन्द्रीय अन्वेषण ब्यूरों से उन याचिकाओं पर जवाब मांगा है, जिनमें मेडिकल प्रवेश परीक्षा आयोजित करने के लिए राष्ट्रीय जांच एजेंसी की जगह किसी सशक्त और स्वायत्त संस्था को लाने की मांग की गई है। न्यायालय ने एजेंसी को बृहस्पतिवार तक हलफनामा दाखिल करने का निर्देश दिया है। याचिकाओं में आरोप लगाया गया है कि बार–बार पेपर लीक होने से 22 लाख से अधिक विद्यार्थियों के अधिकारों पर असर पड़ा है। इस महीने की तीन तारीख को आयोजित नीट–यूजी परीक्षा, पेपर लीक के आरोपों के बाद रद्द कर दी गई थी। समाचार कक्ष से मैं मुकेश कुमार बल।**

येह बिच्चे एनटीए अट्ठाइस मई के होखे वाले संयुक्त विश्वविद्यालय प्रवेश परीक्षा कै तारीख आगे बढ़ा दिहले हौ। एजेंसी कहलस कि बकरीद के तारीख में बदलाव के नाते ई फैसिला लिहल गइल। संसोधित परीक्षा कै तारीख क सूचना जल्दिये दीहल जाई।

**********

पेट्रोल के दाम में आजु दुइ रूपिया एकसठ पइसा आ डीजल के दाम में दुइ रूपिया एकहत्तर पइसा प्रति लीटर क बढ़ोत्तरी कइल गइल हौ। बढ़ोत्तरी के बादे अब लखनऊ में पेट्रोल एक सौ एक रूपिया नवासी पइसा आ डीजल पंचानवे रूपिया छत्तीस पइसा प्रति लीटर के रेट से मिलत बा।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अलगि–अलगि बइठकी के जरिये प्रसासनिक कार्यन, कानून–व्यवस्था, आयुष विभाग आ राज्य कर विभाग के कामकाज क समीक्षा कइलें। एगो रिपोर्ट–

**मुख्यमंत्री ने कल वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के माध्यम से प्रदेश की कानून–व्यवस्था एवं प्रशासनिक कार्यों की समीक्षा करते हुए प्रत्येक विकास खंड स्तर पर साप्ताहिक चौपाल आयोजित करने के निर्देश दिए। उन्होंने कहा कि इन चौपालों में राजस्व वाद, घरेलू हिंसा, अवैध वसूली और स्थानीय स्तर की शिकायतों का मौके पर समाधान सुनिश्चित किया जाए। श्री योगी ने आईजीआरएस और सीएम हेल्पलाइन से मिली शिकायतों के गुणवत्तापूर्ण तथा संतुष्टिपरक निस्तारण पर बल देते हुए कहा कि शिकायतों में किसी भी स्तर की लापरवाही स्वीकार नहीं की जाएगी। मुख्यमंत्री ने एक अन्य उच्च स्तरीय समीक्षा बैठक में प्रदेश की पुलिस व्यवस्था को और अधिक आधुनिक, सुरक्षित एवं तकनीक आधारित बनाने के लिए पुलिस रेडियो यूनिट को सुदृढ़ करने के निर्देश दिए। इस अवसर पर उन्होंने कहा कि पुलिस की लोकेशन, मूवमेंट और संचार गतिविधियों की गोपनीयता सर्वोच्च प्राथमिकता है। वहीं, कल शाम को ही आयुष विभाग की एक समीक्षा बैठक में मुख्यमंत्री ने 'आयुष हेल्थ एंड वेलनेस नीति–2026' को प्रभावी रूप से लागू करने के निर्देश दिए। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

मुख्यमंत्री आजु राज्य कर विभाग के सासन, मुख्यालय अउर फील्ड स्तरीय अधिकारियन के साथे बइठकी कइ के राजस्व संग्रह, कर प्रसासन आ ब्यौपारिक सुविधो के स्थिति क समीक्षा कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि राज्य कर विभाग के राजस्व बढ़ोत्तरी के साथे बिस्वास आधारित प्रसासन क मॉडल प्रस्तुत करे के होई।

**********

अमेरिका क बिदेस मंत्री मार्को रूबीयो आजु अपने पत्नी आ एगो उच्च स्तरीय प्रतिनिधिमण्डल के साथे आगरा पहुंचलें। ओइजा उहां के ताजमहल देखलीं आ अपने पत्नी के साथे डायना बैंच पर फोटो सेसन करवलीं। येह दौरान अमेरिकी बिदेस मंत्री गाइड से ताजमहल क इतिहास, निरमाण आ पच्चीकारी के बारे में जनकारियो लिहलें।

**********

आजु गंगा दशहरा मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर प्रयागराज, वाराणसी आ अजोध्या में भारी संख्या में सरधालु पवित्र नदियन में आस्था क डुबकी लगा के प्रमुख मंदिरन में पूजा–अर्चना कइ रहल हवें। हापुड़ क तीर्थ नगरी गढ़मुक्तेश्वर में अजुये से तीनि दिन क गंगा दशहरा मेलो सुरू हो गइल बा।

**********

प्रदेस में तेज घाम, भीसण गरमी आ लुह क परकोप जारी बा। मौसम विभाग बिहने तक खातिर दिन के समय में पूरबी उत्तर प्रदेस में कहीं–कहीं तेज लुह चलले क रेड अलर्ट जारी कइले हौ। लखनऊ के मौसम विज्ञान केन्द्र क वरिष्ठ वैज्ञानिक मोहम्मद दानिश बतवलें कि प्रदेस में गरमी क परकोप अबहिन जारी रही।

**जैसा कि पिछले दिनों में गर्मी का असर है। उसी तरीके से आने वाले दिनों में भी गर्मी का असर बनेगा। उसके बाद जैसा कि एक पश्चिमी विक्षोभ सक्रिय हो रहा है तो कहीं ना कहीं 28 तारीख से थोड़ा सा जो तराई बेल्ट है सेंट्रल पार्ट में गरज चमक के साथ बारिश की संभावना है।**

येह बिच्चे, भीसण गरमी 'नौतपा' क आजु से सुरूआति हो गइल। ई अगिला महिन्ना के दुइ तारीख ले जारी रही।

**********